1918 Angka 16. Bab wawenang bumi. Bab amaringake wawenang panggadhuhe bumi sarta wawenang panganggo bumi.

Pranatan dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan katitimangsan kaping 8 Agustus 1918 angka 17/1.

Ingsun Ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan, sabanjure.

Ingsun anggalih, tumrape bumi Ningsun kang wus kapranata maneh, perlu diyasani pranatan kang sumrambah tumrap amarengi wawenang panggadhuhe bumi marang kalurahan kang dianakake ing pambangune pranatan anyar mau, apa maneh amaringi wawenang panganggo bumi marang kang padha manggon ing bumi kono, supaya samongso pambangune pranatan wus tinindakeke ing bumi liyane sajeroning Karaton Ningsun, pranatan mau kena ditindakake ing bumi mau.

Marmane kang dadi dhawuh Ingsun

Ingsun ayasa pranatan kaya kang kasebut ingisor iki:

Bab amaringake wawenang panggadhuhe bumi marang kalurahan kang wus dianakake ing pambangune pranatan anyar, apa maneh amaringake wawenang panganggo bumi marang kang padha manggon ing bumi kono.

Bab 1

Ingsun anglestarekake watone, sakabehe bumi kang ora ana tandha yektine kadarbe ing liya mawa wawenang eigendom, dadi bumi kagungane karaton Ningsun Ngayogyakarta

Bab 2

(1) Bumi Ningsun bawah Karaton Ningsun Ngayogyakarta kang wus kapranata maneh, iku kabupaten Gunung Kidul sarta Kulon Progo.

(2) Samongsa panatane pambangune pranatan anyar ing bumi Ningsun liyane kang kasebut ing adeg-adeg 1 dhuwur

iki wus rampung, sarta pambangune pranatan anyar kena ditindakake ing bumi kono, iku bumi Ningsun mau uga bakal kabawah ing pranatan anyar, mawa dianakake layange Undhang-Undhang Papatih Ingsun.

(3) Wiwit ing titi mangsa tumindake layang Undhang-Undhang kasebut ing adeg-adeg dhuwur iki, bab-bab kasebut ing ngisor iki tinumrapake marang bumi Ningsun kang kasebut ing layange Undhang-Undhang Papatih Ingsun mau.

Bab 3

(1) Sakabehing bumi kang wus kapranatan maneh, kang wus terang dianggo uwong cilik, dienggoni utawa diolah ajeg utawa nganggo bera pangolahe, kadi dene kang kasebut ing register kalurahan, iku padha diparengake marang kalurahan anyar mawa wawenang panggadhuh cara Jawa, dene bumi kang diparingake marang siji -sijine kalurahan mau, bumi kang kalebu ing wawengkon kalurahan, miturut register kalurahan.

(2) Wawenange panggadhuh kasebut ing adeg-adeg dhuwur iki kasirnakake, manawa saka panemune bupati kang ambawahake, bumine sapuluh tahun urut-urutane ora diolah utawa ora dienggoni.

Bab 4

Kajaba wawenange panggadhuh tumtrap bumi lungguhe lurah sarta prabot kalurahan, tuwin bumi kang diparingake minangka dadi pensiyune (pangarem areme) para bekel kang padha dilereni, iku wawenang panggadhuh kang kasebut ing bab 3 diparingake marang kalurahan mawa anglestarekake wawenange kang padha nganggo bumi ing nalika tumindake pambangune pranatan anyar, wawenange nganggo bumi kang dianggo ing nalika iku, ditetepake turun tumurun, sarta siji-sijine kalurahan, sapira kang dadi wajibe dhewe-dhewe, dipasrahi amranata dhewe ngatase angliyakake bumi sajerone sawatara lawase sarta angliyerake wewanange nganggo bumi mau, samono iku mawa angelingi papacak-papacak kang wus utawa kang bakal Ingsun dhawuhake, utawa kang panindake terang dhawuh Ingsun.

Bab 5

(1) Ing samongsa-mongsa Ingsun kena mundhute kundur bumi sawatara bageyan kang padha diparingake marang kalurahan mawa wawenang panggadhuh, manawa bumi mau bakal diparingake marang kabudidayan tatanen, dene kabudidayan tatanen iku bakal Ingsun paringi wawenang ingatase bumi mau miturut pranatan bab pamajege bumi, mungguh laku-lakune kang kasebut ing dhuwur iki bakal kapranata kamot ing pranatan.

(2) Kang padha anduweni bageyan bumi ing kalurahan kang bumine diparingake marang kabudidayan tatanen kasebut ing dhuwur iki, padha kena diwajibake anindakake pagaweyan mawa bayaran tumrap kaperluaning kabudidayan tatanen kasebut ing adeg-adeg dhuwur iki. Mungguh tumindake ing pagaweyan mau tumeka ing waktu kang katetepake ing tembe.

Bab 6

Kajaba tumrap lalakon kang kasebut ing bab 5, Ingsun ora bakal mundhut bumi kang dianggo uwong cilik manut kang katamtokake ing bab 3, manawa ora tumrap kaperluaning akeh, samono iku mawa amaringi karugian kang tinamtokake dening Papatih Ingsun sabiyantu kalayan kanjeng tuwan Residen ing Ngayogyakarta, sawuse karembug dening comissi juru taksir, dene panindake kang kasebut dhuwur iki, manut kang bakal tinantokake ing tembe kamot ing layange Undhang-Undhang Papatih Ingsun.

Bab 7

(1) Bumi sacukupe, sabisa-bisane amba-ambane 1/5 bumi kabeh, kudu lestari dadi melike kalurahan, kang sapisan minongka dadi lungguhe lurah sarta prabot kalurahan, kang kapindho minongka dadi pangarem - areme para bekel saalame dhewe kang kabekelane disirnakake jalaran saka pambangune pranatan anyar sarta ora bisa kapilih dadi lurah utawa praboting kalurahan anyar, kang katelu kanggo anyukupi kaperluaning kalurahan kang tumrap ingakeh.

(2) Pambagene kanggo anyukupi kaperluan telung bab kasebut ing adeg-adeg dhuwur iki, ditindakake kalurahan sawuse dimupakati Bupati kang ambawahake.

Bab 8

Awit saka surasane pranatan iki, sakabehing pranatan kang amranata bab kang kasebut ing pranatan iki, kang isih tumindak padha Ingsun suwak.

Dhumawuh ing Karaton Ngayogyakarta Hadi Ningrat, tanggal kaping 22 Syawal tahun Be 1848, utawa kaping 8 Agustus 1918.

Sabiyantu kalayan manira,
kanjeng tuwan Residen,
ing Ngayogyakarta,
Canne

Asma dalem cap

Kapareng kaundhangake
Papatih dalem
Pangeran Haryo Hadipati
Danurejo
Kaundhangake kaping 2 September 1918

Papatih dalem,
Pangeran Haryo Hadipati,
Danurejo